

# Tou Pa M, Tou Pa W

## Aprantisaj pou nou chak tann tou pa nou

Lè chak moun tann tou pa yo se yon pati enpòtan nan jwe ak nan travay ansanm, men li pa fasil. Timoun bezwen anpil pratik ak èd nan men grannmoun yo pou yo aprann fè sa byen.

### Nosyon Debaz

Yon tibebe souri. Yon grannmoun souri ba li. Apresa, tibebe a souri ankò. Ale-vini sa a se yon premye etap nan aprann fè yon bagay youn apre lòt.

Lè chak moun tann tou pa yo sa ka difisil lè jèn timoun yo vle yon bagay toutbon vre. Yo gendwa vle fè tou pa yo a pou yo gen yon kreyon yon lòt moun ap itilize. Oswa yo gendwa ap itilize yon kreyon e yo pa pare pou yo kite yon lòt moun jwenn tou pa li.

Lè chak moun tann tou pa yo sa mande pou tann anpil epi pou yo jere emosyon yo. Aptitud sa yo ka difisil tou. Plis ptit ou a fè pratik pou li tann tou pa li se plis lap konprann li!

### Nòt:

Ou ka jwenn founiti ki souliyen yo nan kit ou a.

### Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen Laj 2 jiska 5 lane

#### Lanse balon

- Jwe yon jwèt senp, lanse oswa atrape yon balon ant ou menm ak ptit ou a. Eksplike règ yo. "Toudabò, map pase balon an ba ou. Apresa, wap pase balon an ban mwen." Eseye voye balon an byen dousman jan ou kapab. Eseye ale pi vit.
- Fè règ yo yon tikras pi konplike. Konte jiska twa avan chak pas. Oswa fè yon vizaj ki komik chak fwa se ou kap pase balon an. Oswa itilize pye w sèlman pou pase balon an. Di, "règ la chanje!" epi eksplike nouvo règ la. Youn apre lòt, fè nouvo règ ak ptit ou a.

### Ann Kòmanse

Asire w pou tout moun konnen règ yo. Lè chak moun tann tou pa li sa ka pi difisil si ptit ou a pa konnen kisa wap atann oswa kilè se tou pa yo. Itilize yon langaj ki klè. "Mwen menm avan. Apresa se ou menm. Apresa se mwen menm." Si règ yo chanje, asire w ptit ou a konnen nouvo règ yo.



Plis! ↗

## Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen

### Laj 2 jiska 5 lane

#### Konstwi ansanm

- Mande ptit ou a aliyen blòk yo ansanm avèk ou. Youn apre lòt, ajoute yon blòk alafwa nan liy lan. Eksplike règ yo. “Toudabò, map mete yon blòk atè, apresa wap mete yon blòk atè, apresa se mwen...jiskaske nou pa rete blòk ankò.”
- Konstwi yon tou byen wo ansanm ak ptit ou a. Eksplike ke nou pral ajoute blòk yo youn pa youn, youn apre lòt jiskaske tou a tonbe. Kòmanse konstwi! Se pa yon pwoblèm si tou a ranvèse – ou ka konstwi li ankò e ankò.

#### Desen ki fèt ak laskrè

- Soti deyò! Mande ptit ou a chwazi yon koulè baton laskrè pou twotwa. “Ann fè yon desen ansanm. Nou ka itilize koulè ou te chwazi a sèlman pou nou fè desen an, nou chak ap tann tou pa nou.” Apresa pase laskrè a pou nou chak fè tou pa nou. “Map ajoute kèk flè. Kisa w pral ajoute apre? (Ou kapab fè sa tou andedan ak baton laskrè pou twotwa sou yon moso bwat katon
- Kòmanse ak yon istwa ki senp. Pa egzanp, “Yon jou, chyen an te mete yon chapo...” Eksplike règ yo epi youn apre lòt ajoute yon ti istwa anplis. Itilize baton laskrè pou twotwa a pou desinen ansanm yon imaj pou istwa nou an.



#### Entèraksyon Toulejou

Pale sou lè chak moun tann tou pa yo, jan sa konn fèt pandan woutin toulejou w yo. Pa egzanp, lè nou chak ap vide sereyal ki soti nan bwat la oswa lè nap tann nan liy nan magazen.

Mande ptit ou a pou li fè manje oswa fè patisri ansanm avèk ou. Youn apre lòt, ajoute engredyan yo epi bwase.

#### Bay Egzanp, Obsève, Pratike

**“Map tann jiskaske ou fini. Apresa se ap tou pa mwen.”**

Bay egzanp pou montre kijan pou gen pasyans ak pou tann tou pa w. Ptit ou a aprann apatide egzanp ou bay yo.

**“Mwen wè ke w pa ka tann ankò. Apre tou pa sè w la se pral tou pa w ankò.”**

Obsève lè ptit ou a kontrarye. Raple yo kilè kap tou pa yo. Ret tann difisil, men li enpòtan pou aprann.

**“Se pokou pa w pou itilize tren an. Ou ka kolorye pandan wap tann.”**

Pafwa ptit ou a ka tousenpleman pa ka tann ankò. Antrene yo pou yo jwenn lòt bagay pou yo fè pandan yap tann tou pa yo.